



5 Bagay Ou Bezwen Konnen Pwoteksyon kont Pèsekisyon nan Lwe Kote pou Rete pou Sèks dapre Lwa Noujèze

- 1 Lwa Noujèze kont Diskriminasyon an (New Jersey Law Against Discrimination, oswa LAD) defann pèsekite moun pou sèks, ki se yon fòm diskriminasyon kont yon moun nan kote pou li rete, kòm yon gason oubyen yon fi. Sa vle di ou gen dwa pou pèsonn pa pèsekite ou pou sèks, kèlkeswa kote ou rete a (sa ki vle di tou lojman piblik, apatman prive, oswa kondò) oubyen kouman ou peye lwaye ou (tankou lè ou depann sou bòdwo asistans nan lwaye).**
- 2 Sa yo ka rele pèsekisyon pou sèks, se pèsekisyon nan pawòl, tankou gwo mo sal oswa kòmantè ki manke moun dega; pèsekisyon fizik tankou manyen moun lan kote li pa dakò; oswa pèsekisyon vizyèl, tankou montre moun lan pòtre, sekans vizyèl, oubyen desen pònografik.**
- 3 Gen de kalite pèsekisyon seksyèl ilegal: "paspouki", ak anbyans ki ostil. Pèsekisyon paspouki, se lè yo pwomèt fè yon moun benefisyè yon avantaj poutèt favè seksyèl, oubyen lè yo mennase yon moun si li refize yon pwopozisyon seksyèl. Yon egzanp, se yon manadjè bilding k ap mande sèks oswa favè seksyèl kòm kondisyon pou fè reparasyon nan kote ou rete a. Gen yon anbyans ki ostil lè yon lokatè sibi pèsekisyon grav oubyen pèsistan ki lakòz anbyans nan kote li rete a gen kaponnaj, oswa ostilite, oswa mankdega. Gen yon ka konsa, pa egzanp, lè moun ki lwe ou kote a tout tan ap fè kòmantè sispèk sou kò ou, oswa sou rad ou mete.**
- 4 Yon moun ki lwe ou kote pou rete dwe pran aksyon pou sispann pèsekisyon konsa si li konnen oswa li ta dwe konnen bagay konsa ap rive. Sa dwe fèt kit moun ki koupab pèsekisyon an se yon anplwaye oswa yon ajan moun ki lwe ou kote pou rete a, kit se koutye pou lojman an, kit se yon lòt lokatè, nan kèk sikonstans.**
- 5 Yon moun ki lwe ou kote pou rete pa gen dwa fè vanjans kont ou paske ou fè objeksyon kont pèsekisyon pou sèks, oubyen paske ou pote plent kont pèsekisyon pou sèks, oubyen paske ou sèvi oubyen eseye sèvi avèk nenpòt ki lòt dwa dapre lalwa. Sa vle di, pa egzanp, moun ki lwe ou kote pou rete a pa gen dwa mete ou deyò, ni mennase pou denonse ou bay sèvis imigrasyon paske ou fè rapò kont pèsekisyon pou sèks.**

Pou jwenn plis enfòmasyon oubyen pou pote yon plent, ale nan adrès [NJCivilRights.gov](https://www.njcivilrights.gov) oswa rele nan nimewo **1.833.NJDCR4U**



NJ Office of the Attorney General

[NJCivilRights.gov](https://www.njcivilrights.gov)



DIVISION ON
NJ CIVIL RIGHTS
@CivilRightsNJ #CivilRightsNJ #StandUpAgainstHate



02/24/21